



**AVI N° 178/2024/PROGRAD**

**(Vèsyon kreyòl Avi N° 178/2024/PROGRAD, pou referans<sup>1</sup>)**

Avi sa a ap mete piblik avi apèl pou pre-enskripsyon sou entènèt pou kandida ki te reyisi nan Pwosesis Seleksyon Entènasyonal (PSI); Pwosesis Seleksyon Refijye ak Moun ki gen Viza Imanitè (PSRH); ak Pwosesis Seleksyon pou Endijèn (PSIN), ki te fèt pa Pworektora Relasyon Enstitisyonèl ak Entènasyonal – PROINT nan UNILA.

**PWOREKTÈ GRADYASYON NAN INIVÈSITE FEDERAL INTEGRASYON LATINO-AMERIKEN (UNILA), ki deziyen atravè Portaria UNILA n° 234/2023/GR, soti 16 jen 2023, ak baz nan atribisyon yo te delege pa Portaria UNILA n° 280/2020/GR, soti 21 out 2020, an akò ak lejislasyon aktyèl la,**

KONSIDERAN Edital PROINT n° 04/2024 (Pwosesis Seleksyon Entènasyonal); n° 05/2024 (Pwosesis Seleksyon Refijye ak Moun ki gen Viza Imanitè); ak n° 06/2024 (Pwosesis Seleksyon pou Endijèn), ki te pibliye pa Pworektora Relasyon Enstitisyonèl ak Entènasyonal – PROINT nan UNILA.

## **1. DISPOZISYON PRELIMINÈ**

**1.1** Tout edital ak dokiman ki konsène pwosesis enskripsyon pou pwosesis seleksyon sa a ap pibliye sou Pòtal Edital UNILA.

<sup>1</sup> Tradiksyon sa a pa yon tradiksyon ofisyèl UNILA. Dokiman sa fèt nan objektif pou fasilité konprenansyon kandida ayisyen yo. Li enpòtan pou note ke lekti dokiman sa a pa ranplase lekti avi orijinal la, ansanm ak nenpòt koreksyon (modifikasyon) ki ka fèt, ki pibliye nan lang Pòtigè a, disponib sou: [https://documentos.unila.edu.br/system/tdf/arquivos/editais/edital\\_178-2024\\_port.assinado.pdf?file=1&type=node&id=16379&force=](https://documentos.unila.edu.br/system/tdf/arquivos/editais/edital_178-2024_port.assinado.pdf?file=1&type=node&id=16379&force=). Sou lyen sa a, ou ka jwenn tou vèsyon avi an nan lang panyòl pou referans.

**1.2** Piblikasyon lis ofisyèl kandida ki seleksyone nan Pwosesis sa ki dekri anlè a, ap fèt pa PROINT. Se responsablite kandida yo pou yo suiv piblikasyon Pworektora sa a sou Pòtal Edital PROINT/UNILA.

**1.3** Tout kandida ki seleksyone nan Pwosesis PSI, PSRH, ak PSIN dwe fè pre-enskripsyon nan Sistèm Enfòmasyon UNILA (SIGAA), selon dat yo fikse nan Kalandriye Edital sa a (Anèks II). Etap sa a obligatwa e li gen karaktè eliminatwa.

**1.3.1** Kandida ki seleksyone nan youn nan Pwosesis sa yo ki konsène Edital sa a ap resevwa yon imèl ki gen lyen an, non itilizatè ak modpas pou li ka jwenn aksè ak SIGAA, kote li dwe fè pre-enskripsyon sou entènèt la.

**1.3.2** Se responsablite kandida a pou l kontwole imèl (e-mail) li te mete lè l t ap enskri a, ansanm ak bwat SPAM la. Tout komunikasyon pwoesis la ap fèt atravè imèl ki te anrejistre a. Li dwe verifye tout enfòmasyon ki anrejistre pandan pre-enskripsyon an epi mete yo ajou chak fwa sa nesesè.

**1.4** Si gen doub enskripsyon akoz akseptasyon nan plis pase yon Pwosesis Seleksyon, kandida a dwe chwazi sèlman **yon'n (1)** enskripsyon.

**1.4.1** Si kandida a fè **de (2)** enskripsyon, se dènye enskripsyon an ki ap konsidere, e pa gen okenn posiblite pou fè rekou kont desizyon sa a.

## **2. DOKIMAN**

**2.1** Tout kandida dwe soumèt dokiman sa yo pandan faz Pre-Enskripsioun sou entènèt la, epi verifye ak ranpli lòt enfòmasyon ki nesesè yo:

**I** - Dokiman idantite ak foto;

**II** - Sètifika Nesans oswa Maryaj;

**III** - Istorik nòt klas tèminal la (Filo);

**IV** - Diplòm oswa Sètifika Fen Etid Lekòl Segondè;

**V** - Kat Nasyonal Migrasyon (CRNM) oswa Pwotokòl Demann Refij oswa Viza Imanitè (Dokiman sa a obligatwa sèlman pou kandida ki aksepte nan Pwosesis Seleksyon pou Refijye ak Moun ki gen Viza Imanitè).

**2.1.1** Nan Anèks I, gen yon tablo ki detaye tout dokiman ki dwe prezante, epi ki pral sèvi pou analiz dokiman yo.

**2.1.2** Kandida yo dwe asire dokiman II, III ak IV yo legalize oswa otantifye selon bezwen an, jan sa dekri nan Anèks I.

**2.2** Si kandida a pa kapab soumèt dokiman ki endike nan atik 2.1 ak Anèks I pandan faz Pre-Enskripsyon sou entènèt la, ak legalizasyon konsilè oswa apostil ki nesesè yo, li dwe prezante dokiman ki pral apostile yo ansanm ak:

- a)** Pwotokòl ki montre pwosesis legalizasyon nan konsila oswa apostil a kòmanse;
- b)** Yon jistifikasiyon (Anèks III) ki presize ki dokiman ki soumèt nan pwosesis legalizasyon konsilè.

**2.3** Nan okenn ka, UNILA ap asepte dokiman ki ilizib, enkonplè, ki gen rati oswa san siyen, enskripsyon ki pa konfòm ak sa ki espesifye nan Edital Seleksyon n° 04/2024; 05/2024 ak 06/2024 yo pibliye pa Pró-Reitoria de Relações Institucionais e Internacionais (PROINT).

**2.4** Dokiman ki ekri an panyòl, anglè oswa fransè pa bezwen tradiksyon.

**2.5** Nou ap aksepte sèlman dokiman ki digitalize nan fòma PDF (Portable Document Format), ak ki gen yon gwosè ki pa depase 5MB (senk megabyte). Anplis de sa, dosye dijitalize yo dwe sòti nan dokiman orijinal la, devan ak dèyè (lè sa aplikab) epi yo dwe klè. UNILA pap responsab pou demann enskripsyon oswa resous sou entènèt (via entènèt) ke li pa resevwa pou nenpòt rezon teknik, pwoblèm nan komunikasyon, difikilte nan liy komunikasyon an, mank elektriske, oswa nenpòt lòt faktè ki anpeche transfè done yo.

**2.6** Kandida a oswa etidyan an ka elimine nan pwosesis seleksyon an, nan nenpòt moman, oswa metel deyò nan enstitisyon (UNILA) an, menm si li deja enskri e ap etidye nan UNILA a, si yo idantifye nan pwosesis seleksyon li yo:

I – Enkonsekans oswa erè pwosesis;

II – Dokiman oswa enfòmasyon fo ak/ou byen nenpòt mwayen ilegal;

III – Pa respekte nenpòt kondisyon ki nan Edital sa <sup>a</sup>

### **3. ANALIZ DOKIMAN**

**3.1** Dokiman yo pral analize pa yon komite egzaminatè, ki pral verifye tout dokiman Kandida voye yo, epi li pral bay yon opinyon, ki pral pibliye kòm Rezulta Preliminè anèks ak Edital sa a epi daprè kronogram Edital sa a (Anèks II), ki pral endike kòm Rezulta sitiayson "DEFERIDO (seleksyone)" oswa "INDEFERIDO (ou pa seleksyone)".

**3.1.1** Pa respekte nenpòt pwen nan Edital sa a, enkli Anèks yo, pral lakòz eliminasyon ou nan pwosesis la .

**3.1.2** Kandida yo ki Seleksyone (DEFERIDO) yo pral dwe tann piblikasyon Rezulta Final la.

**3.1.3** Kandida yo ki Pa Seleksyone (INDEFERIDOS) yo ka fè yon rekou, daprè pwen 4 nan Edital sa a.

**3.2** Aprè analyze rekou yo, Rezulta Final la ap pibliye, kote kandida yo pral parèt kòm "Seleksyone (APROVADOS) " oswa " Pa Seleksyone ( REPROVADOS)".

**3.2.1** Kandida yo ki APROVADOS ( Seleksyone) yo pral enskri nan UNILA, nan dat ki etabli nan Kronogram Edital sa a (Anèks II).

**3.2.2** Kandida yo ki REPROVADOS (Pa Seleksyone) yo ap elimine nan pwosesis seleksyon an.

**3.3** Administrasyon an rezève dwa pou korije Edital la, si li detekte erè administratif nan piblikasyon edital la.

**3.4** Kandida yo ki pa fè pre-anrejistrem (Pré-Cadastro) yo pral otomatikman REPROVADOS (Pa Seleksyone) yo ap elimine nan pwosesis seleksyon an.

### **4. REKOU DOKIMAN YO**

**4.1** Règleman pou depoze rekou yo ap defini nan piblikasyon Rezulta Preliminè a.

### **5. SOU EFEKTIFIKASYON ENSKRIPSYON AN**

**5.1** Tout pwosesis enskripsiyan an ap fèt sou entènèt atravè sit UNILA, san bezwen prezans fizik kandida a pou finalize enskripsiyan an.

**5.2** Kandida yo ki **APWOUVE** ap resevwa yon imèl ki pral gen tout enfòmasyon nesesè pou finalize enskripsyón yo. An ka dout, kandida a ap kapab reponn imel (e-email) la pou jwenn klarifikasyon.

**5.3** Finalizasyon enskripsyón an vle di kandida a gen konesans sou lejislasyon an ki ap an vigè nan peyi Brezil epi yo dwe suiv règleman fonksyònman pou gradye nan UNILA. Pa ka gen okenn eskiz pou di ke ou pa konnen sa.

**5.4** Li obligatwa pou tout etidyan ki te fè Lekòl Segondè Teknik andeyò Brezil fè revalidasyon diplòm Lekòl Segondè yo nan **Núcleo Regional de Educação**, epi yo dwe voye dokiman ki pwouve revalidasyon sa a bay **Pró-Reitoria de Graduação**. Sinon, yo pap ka resevwa diplòm gradyasyon yo, lè yon fini ak kou yo te chwazi nan UNILA.

**5.4.1** Etidyan ki fè ekivalan Lekòl Segondè ki pa teknik nan peyi orijin oswa asosye MERCOSUL yo (Ajantin, Bolivi, Chili, Kolonbi, Ekwatè, Paragwe, Pewou, ak Iwougwè) dwe fè revalidasyon etid segondè yo.

**5.5** Selon Lwa n° 12.089/2009, li entèdi pou yon moun gen de enskripsyón an menm tan nan enstitisyón piblik pou etid siperyè sou teritwa brezilyen an.

## 6. DISPOZISYON FINAL YO

**6.1** Pou nenpòt verifikasiyon nesesè, dokiman adisyonèl. UNILA gen dwa aksepte oswa refize dokiman sa yo kòm prèv, epi li kapab verifye yo, menm ak òganizasyon ofisyèl yo, enfòmasyon ke kandida yo bay.

**6.2** Tout depans ki gen rapò ak jwenn dokiman yo, legalizasyon konsilè oswa apostilman, ak vwayaj jiska UNILA, se responsablite konplè kandida ki seleksyone a. Pa gen okenn posibilite ranbousman.

**6.3** Pwosedi yo, dat yo, ak kritè yo pou enkli nan asistans nan **Programa de Assistência Estudantil**, ap pibliye nan yon Edital espesyal pa **Pró-Reitoria de Assuntos Estudantis – PRAE** ([prae@unila.edu.br](mailto:prae@unila.edu.br)), ki pral suiv règleman inivèsite a nan limit bidjè ki disponib la.

**6.4** Aprè enskripsyón, etidyan yo ap gen dwa pou aplike pou bous rechèch inisyal, sipèvizyon, ak ekstansyon, selon règ ak edital yo ke UNILA ap pibliye.

**6.5** Dapre Atik 117, chapit XI, nan Lwa n° 8.112/90, anplwaye piblik federal yo pa ka aji kòm reprezantan oswa entèmedyè nan relasyon ak biwo piblik yo.

**6.6** Tout depans ki gen rapò ak regilarizasyon estati imigrasyon, deplasman jiska UNILA, ak legalizasyon dokiman pèsonèl ak lekòl yo nan otorite konsilè ki gen jiridiksyon yo, se responsabilite total kandida ki konfime e aksepte nan pwosesis seleksyon an.

**6.7** Aprè kòmansman peryòd akademik la, etidyan ki aksepte epi ki an règ ak atik **2.6** la dwe, san ekskiz, prezante apostilman/konsilarizasyon dokiman yo jiska dènye jou premye semès akademik 2026 la. Sinon, enskripsyon yo ap anile e yo ap pèdi relasyon yo ak UNILA.

**6.8** Ka omisyon dokiman yo ap rezoud pa **Pró-Reitoria de Graduação**.

**6.9** Keson sou ranpli **Pré-Cadastro Online** se **Departamento de Administração e Controle Acadêmico da PROGRAD**, ki resposanb ou ka ekri yo: [prograd.deaca@unila.edu.br](mailto:prograd.deaca@unila.edu.br).

**6.10** Si ou gen dout, ou ka voye yon imel (e-mail) bay **Pró-Reitoria de Relações Institucionais e Internacionais**: [seleccion.al@unila.edu.br](mailto:seleccion.al@unila.edu.br).

Foz do Iguaçu, 16 de dezembro de 2024.



UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-  
AMERICANA PRÓ-REITORIA DE GRADUAÇÃO

**ANÈKS I - DOKIMANTASYON**

<b>DOKIMAN</b>	<i>Kandida ki soti nan Pwosesis Seleksyon Entènasyonal (PSI) ak Pwosesis Seleksyon Endijèn (PSIN)</i>	<i>Eske mwen dwe prezante Otanifikasyon oswa legalisasyon dokiman yo?</i>
<b>I. IDANTIFIKASYON</b>	Tout kandida yo dwe prezante dokiman sa a. Yo dwe prezante yon dokiman ofisyèl ak foto, devan ak dèyè (Kat elektoral, Kat idantite oswa Paspò)	NON
<b>II. SÈTIKHA NESANS OU MARYAJ</b>	Tout kandida yo dwe prezante dokiman sa a. Kandida ki sòti nan Venezuela ak Uruguay yo egzante de legalizasyon konsila/apostilasyon pou dokiman sa a, selon Portari Interministè MJSP/MRE n° 19, dat 23 mas 2021, ak Dekrè n° 9089/2017.	WI
<b>III. ISTORIK LEKOL SEGONDÈ</b>	Tout kandida yo dwe prezante dokiman sa a. Li dwe gen enfòmasyon sou lekòl la, ansanm ak lòt enfòmasyon idantifikasiyon kandida a, lis matyè yo te etidye nan tout ane lekòl segondè a, epi li dwe siyen pa otorite lekòl la. Dokiman ki ekivalan ak diplòm nan nan nivo edikasyon segondè a yo apwouve tou.	WI
<b>IV. DIPLOM OSWA SÈTIKHA LEKOL SEGONDÈ</b>	Tout kandida yo dwe prezante dokiman sa a. Dokiman ekivalan nan nivo edikasyon segondè yo apwouve, siyen pa otorite lekòl la, nan peyi kote kandida a rezide.  Nan peyi kote pa gen sètifica pou sètifye fini etid nan Nivo Edikasyon Segondè/Sekondè, li ka ranplase ak yon deklarasyon ki konfime fini etid la, sòti nan enstitisyon kote kandida a te etidye, oswa yon istwa akademik ki pwouve sètifikasiyon an.	WI

<b>DOKIMAN</b>	<b>Kandida ki sòti nan Pwosesis Seleksyon Refijye ak Viza Imenitè (PSRH) avèk viza akèy imenitè</b>	<b>Eske mwen dwe prezante Otantifikasiyon oswa legalisasyon dokiman yo?</b>
<b>I. IDANTIFIKASYON</b>	Prezante yon dokiman ofisyèl ak foto, devan ak dèyè (ki ka gen ladan li Dokiman Nasyonal Idantifikasiyon oswa Paspò) oswa Kat Rezidans Nasyonal Migratwa (CRNM)	NON
<b>II. KAT REZIDANS NASYONAL MIGRATWA (CRNM)</b>	CRNM oswa Demann Viz Humanité an apoze sou paspò a oswa Pwotokòl ki sòti nan Polis Federal la ki montre enfòmasyon sou sitiyasyon migratwa nan Brezil.	NON
<b>III. SÈTIKSA NESANS OU MARYAJ</b>	Tout kandida yo dwe prezante dokiman sa a. Pou kandida ki pa gen sètifikasi nesans lan, nou ka asepte yon kopi kat idantite oswa paspò, ki gen kote ak dat nesans moun nan, de preferans ak enfòmasyon sou paran yo (non papa ak manman, lè sa aplikab).	NON
<b>IV. ISTORIK LEKOL SEGONDÈ</b>	Tout kandida yo dwe prezante dokiman sa a. Dokiman sa a dwe gen enfòmasyon sou lekòl la, ansanm ak lòt enfòmasyon idantifikasiyon kandida a, lis matyè yo etidye nan tout klas nan nivo segondè, epi siyen pa otorite lekòl la. Nou asepte dokiman ekivalan nan nivo segondè tou.	NON
<b>V. DIPLOM OSWA SÈTIKSA LEKOL SEGONDÈ</b>	Tout kandida yo dwe prezante dokiman sa a. Nou asepte dokiman ekivalan nan nivo segondè, siyen pa otorite lekòl la, nan peyi kote kandida a ap viv. Nan peyi kote pa gen sètifikasi ki sòti nan nivo segondè/segondè, sa ka ranplase pa yon deklarasyon sou fini etid yo ki sòti nan enstitisyon edikasyon kote kandida a te etidye, oswa yon istwa akademik ki ateste sètifikasiyon an.	NON

### ATANSYON!

<b>I. Legalizasyon Konsila</b>	Kandida ki sòti nan peyi ki pa fè pati nan Apwòvasyon Konvensyon Haia (Jamaika, Kiba ak Ayiti) dwe fè Legalizasyon Konsila dokiman II, III ak IV.
--------------------------------	---

<b>II. OTANTIFIKASYON</b>	<p>Kandida yo soti nan peyi ki fè pati Konvansyon Haia (tout peyi nan Amerik Latin ak Karayib esepte Jamayik, Kiba ak Ayiti) dwe prezante Aposilman dokiman II, III ak IV.</p> <p>Kandida Brezilyen ki sòti nan Pwosesis Seleksyon Endijèn yo egzante de prezantasyon dokiman apostile yo.</p>
---------------------------	--

1. Konsènan dokiman yo, li responsablite kandida a pou verifye lòt enfòmasyon yo dekri nan Edital sa a.
2. Protokòl ak/oswa dokiman jistifikasyon ki dekri nan atik 2.2 nan Edital PROGRAD N° XX/2024, dwe anekse nan plas ki apwopriye pandan pre-anrejistreman (Pré-Cadastro) an liy. Dokiman sa yo dwe anekse nan fòma .PDF.
3. Si kandida a prezante kòm dokiman idantifikasyon CRNM oswa protokòl refijye, menm si li pa te antre nan PSRH, li pral konsidere, sèlman pou efè analiz dokimantè, nan sitiyasyon refijye epi li pral egzante de prezantasyon apostilman dokiman yo voye.
4. Kandida ki soti nan Venezuela ak Ikrèn yo egzante de legalizasyon konsila/apostilman nan Sètifica Nasionalite, selon Portaria Interministerial MJSP/MRE n° 19, dat 23 mas 2021 ak Dekrè n° 9089/2017.
5. Pou jwenn diplòm yo, kandida yo dwe mete dokiman yo ajou, konsidere pwosedi konsila ak lwa ki nan peyi Brezil.



**MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-  
AMERICANA PRÓ-REITORIA DE GRADUAÇÃO**

**ANÈKS II - KRONOGRAM**

DATA	PROCEDIMENTO
16/12/24 a 20/01/25	<b>PERYÒD POU PRÉ-CADASTRO ONLINE – SISTÈM UNILA (SIGAA)</b> Kandida a dwe antre nan lyen ke li resevwa nan imèl (e-mail) li anrejistre a epi swiv pwosedi ki etabli nan Edital PROGRAD n°
24/01/25	<b>REZULTA PRELIMINÈ - ANALIZ DOKIMAN</b>
24 a 30/01/25	<b>PERYOD POU FÈ REKOU</b>
03/02/25	<b>REZILTA FINAL</b>
04/02 à 07/02/25	<b>ENREGISTREMAN POU ETIDYAN NAN SIGAA, PA UNILA</b> Apre dat sa a, UNILA ap voye yon imèl (e-mail) akey epi yap finalize enskripsiyon etidyan an nan UNILA. Etap sa a fèt pa Sekretarya Akademik Sipò enstiti pou chak kou. Kandida ki apwouve a dwe rete vijilan sou imèl (e-mail) yo te bay nan moman enskripsiyon an yo. Si gen nenpòt dout, voye yon imèl nan adrès prograd.deaca@unila.edu.br (sèlman si ou pa resevwa okenn enfòmasyon pandan peryòd sa a).
Após 08/02/25	<b>LÈT AKSEpte A AP PRAL DISPONIB NAN SIGAA</b> Si w gen nenpòt dout, tanpri kontakte: <a href="mailto:seleccion.al@unila.edu.br">seleccion.al@unila.edu.br</a>
10/02/25	<b>IMÈL (e-mail) AK ENFÒMASYON INISYAL SOU AKSÈ NAN SIGAA AK ENSKRIPSYON POU KANDIDA YO KI APRouve.</b>
25/03/25	<b>KOMANSMAN KLAS YO - 2025.1</b>



# UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA PRÓ-REITORIA DE GRADUAÇÃO

## **ANEXO III - FORMULÁRIO - JUSTIFICATIVA**

O(A) candidato(a) que não atende ao item 2.2 do Edital deverá preencher e anexar este documento.

Eu, \_\_\_\_\_, informo que não efetuei a legalização consular ou apostilamento do(s) documento(s), conforme justificativa abaixo:

JUSTIFICATIVA (o(a) candidato(a) deverá assinar este documento e submeter no Pré-Cadastro Online em formato .PDF - a justificativa será analisada):

## ASSINATURA CANDIDATO(A)



---

Emitido em 16/12/2024

**EDITAL N° 178/2024 - PROGRAD (10.01.05.17)**

**(Nº do Protocolo: NÃO PROTOCOLADO)**

*(Assinado digitalmente em 16/12/2024 14:28 )*  
ANTONIO MACHADO FELISBERTO JUNIOR

*PRO-REITOR(A)  
PROGRAD (10.01.05.17)  
Matrícula: ####402#4*

Visualize o documento original em <https://sig.unila.edu.br/documentos/> informando seu número: **178**, ano: **2024**, tipo: **EDITAL**, data de emissão: **16/12/2024** e o código de verificação: **48e482553f**